



**MEN  
KESYON MOUN  
MANDE PI PLIS**



**Kouman mwen ka  
rive nan  
syèl?**



**Di mwen  
plis toujou!**

**Se Bib la ki  
eksplike w  
kouman. Se  
Bib la ki gen  
repons la.**



Vrèmanvre, se akòz gras li ki fè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye. Sa pa soti nan zèv, dekwa pou pèsonn pa vante tèt yo. Efezyen 2:8,9

Fè atansyon tanpri: Ou pa ka travay pou rive nan syèl!! Bon zèv yo tou manke glwa Bondye.

Kisa mwen dwe fè pou mwen kapab sove??



Kwè nan Senyè Jezi Kris, e ou va sove. Akdèzapot 16:31

Mwen te toujou kwè nan Jezi!

Ou konnen se pa yon lemonn mwen ye!



Kwayans sa se yon konfyans total nan Kris e li donnen yon nouvo vi:

Kifè ankò, depi yon moun nan Kris, li se yon nouvo kreyasyon. Ansyen bagay yo pase. Epi gade! Tout bagay vin nouvo. 2 Korint 5:17

Nouvo vi sa a se rezilta konfyans total nan Jezi Kris!

**Jezi Kris te di li konsa:**

Mwen di nou non! Okontrè,  
si nou pa repanti, nou tout ap  
peri tou. Lik 13:3,5

Repantans vle di  
ke ou vire nan  
peche e lamò pou  
al jwenn ak Kris  
e lavi!

**Kris te di tou:**

Mwen se pòt  
la. Si yon  
moun pase nan  
mwen pou li  
antre, l'ap  
sove.  
Jan 10:9

Mwen vle pase  
nan pòt sa a!!

Ou kapab,  
zanmi mwen...

Senpleman, vini devan Senyè a ak imilite e mande Senyè  
Jezu pou devni Sovè ou. Se Li menm  
sèl ki ka padone peche ou yo.

Envoke non Senyè  
Jezi Kris jodi a!

Si ou te mande Senyè Jezu pou sove ou, tanpri ekri pou fè nou konnen sa!

Non \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Vil \_\_\_\_\_ Peyi \_\_\_\_\_

Laj \_\_\_\_\_



**FELLOWSHIP TRACT LEAGUE**

P.O. BOX 164 • LEBANON, OH 45036

[www.fellowshiptractleague.org](http://www.fellowshiptractleague.org) © Tract 6702 (Creole)

All tracts free as the Lord provides. Not to be sold.